



### 1. Uruhusha ~ “Nokwibariza ikibazo?”

Ni ikihe kintu ciza kuruta ibindi cabaye mu buzima bwawe?

Nokubwira nanje ikintu ciza kuruta ibindi cabaye mu buzima bwanje?

### 2. I.K. ~ Vuga uko ubuzima bwawe bwari bumeze imbere ya Kristo.

“Harabayeye igihe mu buzima bwanje...” Andika amajambo canke amungane atatu.

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_ 3. \_\_\_\_\_

### 3. I.G. ~ Igihe cawe co Guhinduka cagenze gute?

1. Ni gute wumvise ivya Yesu?

\_\_\_\_\_

2. Heraheza iri ryungane: “Maze kumenya ko Yesu yapfiriye ivyaha vyanje, nacye ndamuha kaze kugira ngo...”

\_\_\_\_\_

### 4. I.U. ~ “ Kuva menye Yesu, nda...”

Vuga ihinduka ryiza Yesu yazanye mu buzima bwawe.

1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

### 5. “Iyo ntahura na Yesu...” Ubuzima bwawe bwari kumera gute utagira Kristo?

\_\_\_\_\_

**GUHA KAZE MPWEMU YERA**

Igikoresho **GUSHINGA INTAHE MU MUNOTA UMWE™** ni ico kugufasha kwamamaza inkuru ya Yesu ihindura ubuzima bw'abantu. Ni igikoresho gusa. Si ubutumwa. Dukwiye kwizigira uburongozi bwa Mpwemu Yera n'ubushobozi bwiwe bwo "kwikwegerako abantu bose" (Yohana 12:32).

Yesu yariyegereza abanyamahanga...nka wa mugore kw'iriba, Zakayo umwe yasanga mu giti, na Matayo umutozakori. Ikindi gihe, Yesu yaragira imigenderanire hanyuma akababwira ubutumwa bwiza, ariko yama yiteguriye kwumvira ijwi rya Se. None wewe, ni ryari, gute, kandi ni nde ushingira intahe y'ukwizera kwawe? Tanguza buri munsu iri sengesho, hanyuma usabe Mpwemu Yera akurongorere ku muntu kanaka.

**“MWAMI YESU, NDITEGUYE. NDAKWIGINZE UMPE AKARYO  
KO GUSHINGA INTAHE UYU MUNSI. AMENI.”**

**GUTERA IYINDI NTAMBWE...**

Urangije **GUSHINGA INTAHE MU MUNOTA UMWE**, urashobora kumubaza iki kibazo gikwirikira  
**“Nokubwira ingene Bibiliya ivuga uko womeya neza ko uriko araja mw'ijuru?”**

Aramutse yishuye ati “ego,” uce umubwira ibi bikwirikira:

1. ~ **EMERA** ko nakoze ivyaha, kandi ivyaha vyanje bintandukanya n'Imana yera. (Abaroma 3:23)
2. ~ **IZERA** ko Yesu yapfuye kugira amparire ivyaha, kandi ko yazutse, akagaragaza ko ari we Mana imwe y'ukuri. (Abaroma 10:9-10)
3. ~ **ATURIRA** ivyaha vyanje Yesu, kandi ndamusaba ko ambera Umwami w'ubugingo bwanje. (1 Yohana 1:9)
4. ~ Urashaka kumenya ubu nyene ko ufise ubugingo budashira? Dukore rero ivyo Bibiliya ivuga, kwatura no kwizera ko Yesu ari Umwami, hayuma reka dusenge, hanyuma dusengere hamwe dukoresheje ya ndirimbo y'agakiza.



thesalvationpoem™

**INDIRIMBO Y'AGAKIZA**

Yesu wapfiriye ku musaraba  
Urazuka ukiz'abazimiye  
Mbabarir'ivyaha vyose  
Ng'umber' umukiza, umwami n'umugenzi  
Mpindura ungire musha  
Mwami mfasha mbeho kubwawe



The Salvation Poem.  
Written by Matt and Sherry McPherson.  
© 2004 by The Salvation Poem Foundation, Inc.  
ALL RIGHTS RESERVED.  
[www.salvationpoem.com](http://www.salvationpoem.com)

**GUSOZERA INTAHE YAWE...**

Arangije, uce umukeza hanyuma umwerekeze ku bintu 3: gusoma Bibiliya umunsu ku munsu, gusenga iminsi yose, no kurondera ishengeru ryizera Bibiliya akwiye gusengeramwo buri ndwi. Muce muhana email, inomeru za telefone, hanyuma wongere umurondere muvugane amasaha 24 atarahera kugira ngo umukeze. Musomere Yohana 3:16-17, uce umubaza ingene atahura uwo murongo. Mubaze ingene womusengera hanyuma umutere intege azoze gusenga ku munsu w'Imana ukurikira.

**NG'URU URUBUGA RWACU:**

**[www.frostygrapes.com](http://www.frostygrapes.com)**

Ubu rero mugenzi, wahawe ubumenyi ku gikorwa c'ibihe bidashira. Saba umuvukanyi akubere uwo mufadikanije mu gushinga intahe muri iyi minsi ndwi iri imbere. Turungikire ivyo mwashitseko kuri [info@oasiswm.org](mailto:info@oasiswm.org). Ni muze tube ivyabona vyo kumushingira intahe iminsi yose ... duhereye uyu munsu!